


# MIYASAR KABULOVA PUBLITSISTIKASINDA KRIMINAL TEMALARDIŃ ÀHMIYETI

**Esemuratova Arzigul Jumanbetovna**
Qaraqalpaq filologiya hám jurnalistika fakulteti studenti, QMU
**Qojıqbaeva Ziyada Adilbaevna**
Jurnalistika kafedrası docenti, filologiya ilimleri kandidatı, QMU

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi: 30- June 2023 yil
Ma'qullandi: 05- July 2023 yil
Nashr qilindi: 11-July 2023 yil
**KEY WORDS**
*jurnalistika, iskerlik, qaraqalpaq, jinayatshılıq, Miyasar Kabulova, ilimiy jumıslar.*

**ABSTRACT**
*Miyasar Kabulova qaraqalpaq xalqınıń jurnalisti retinde belgili bolıp, onıń publitsistikasi kriminal temalardı talqılaydı. Onıń jazıwları, jınayat, ádalat sisteması, islengen jınayat hám jámiyettiń qàwipsizlik temalarına tiykarlanadı. Kabulova jınayat penen gúresiw, jınayatshılıq hám huqıq ústinligi sıyaqlı zárúrli temalardı talqılaydı hám jınayattıń jámiyettegi tásirin óz ishine aladı. Sol sebepli, usı maqalanıń túp maqseti jurnalist Miyasar Kabulovanıń publitsistikasi hám onıń kriminal temalarǵa tiyisli jazǵan maqalaların analiz etiwden ibarat.*

Ózbekistanlı jurnalist hám jazıwshı Miyasar Kabulova publitsistikası kriminal temalarǵa tiykarlanadı. Kabulova tiykarınan jınayat, ádalat sisteması, islengen jınayat hám jámiyettıń qàwipsizlik temaların qamtıp alǵan maqalalar jazǵan. Kabulova, jergilikli hám xalıq aralıq dárejede bir neshe sıylıqlar alǵan hám òziniń jumısları menen xalıq arasında óz ornına iye. Onıń publitsistikası jınayat penen gúresiwde ruwxıylıqqa itibar qaratıw jáne social ózgeriwge úles qosıwda zárúrli tásirge iye.

Kabulovanıń publitsistikasi, jınayat penen gúresiw, jınayat hám huqıq ústinligi sıyaqlı zárúrli temalardı talqılaytuǵın sın pikirdi sáwlelendiredi. Sonıń menen birge, jınayattıń jámiyetke tásiri hám jınayat penen baylanıslı social mashqalalardı da óz ishine aladı.

Onıń jazıwlarında jınayat penen gúresiw, urıs, ádalat sisteması, huqıq ústinligi hám jınayattıń jámiyetke tásiri sıyaqlı temalar keń talqılanadı. Sonday-aq, Miyasar Kabulova publitsistikasında jınayattıń jámiyetke tásiri hám jınayat penen baylanıslı mashqalalardı túsindiriw hám olardı sheshiw jolların kórsetiw maqsetke muwapıq ámelge asırılǵan. Onıń jazıwlarında jınayattıń jámiyetke tásiri jáne bul menen baylanıslı máseleler haqqında analiz hám maǵlıwmatlar beriledi.

Miyasar Kabulova jınayattıń jámiyetke tásirin kórsetiwde, jınayattıń ózgeriwsheńligin, onıń jámiyettegi qáwipsizlik hám turaqlılıqtı buzıwın aytıp ótedi. Ol mısallar arqalı jınayattıń jámiyettegi qıyınshılıqlardı hám basqa negativ tásirlerdi kórsetip beredi. Jınayat penen gúresiw, urıs hám ádalat sisteması temalarında Miyasar Kabulova jınayattıń jámiyetke tásirin túsindiredi jáne bul mashqalalardı sheshiw jolların kórsetedi.

Huqıq ústinligi hám ádalat sisteması temasında Miyasar Kabulova jınayattıń jámiyetke tásirin úyreniwge ıntıladı. Ol huqıqıy tártiptiń ózgeriwsheńligin hám ádalat sistemasınıń

jınayat penen baylanıslı mashqalalardi sheshiwdegi áhmiyetin kórsetedi. Onıń jazıwlarında jınayattıń jámiyettegi tásiri hám ádalat sistemasınıń zárúrligi haqqında maǵlıwmatlar beriledi.

Miyasar Kabulova publitsistikasında jınayattıń jámiyetke tásirin túsindiriwdiń tiykarǵı maqseti jınayat penen baylanıslı mashqalalardi sheshiw jolların kórsetiw bolıp tabıladı. Ol mısallar hám analizler arqalı jınayattıń jámiyetke tásirin úyretip, jınayat penen baylanıslı mashqalalardı sheshiwdiń jolların kórsetedi. Bul bolsa jınayattıń jámiyetke tásirin kemeytiw hám jámiyeti qawipsiz etiwge xızmet etedi.

Miyasar Kabulova publitsistikasında kriminal temalarǵa tiyisli maqalaları, jınayattıń jámiyetke tásiri hám jınayat penen baylanıslı mashqalalardi túsindiriw hám olardı sheshiw jolların úyreniw ushın qollanılǵan. Onıń jazıwlarında jınayattıń jámiyetke tásiri hám jınayat penen baylanıslı mashqalalardi analiz etiw, olardı sheshiw jolların kórsetiw hám jámiyetti qawipsiz etiwge tiyisli usınıslar beriledi.

Onıń jazǵan maqalaları gazeta hám jurnallarda úzliksiz basıp shıǵarılıp atır. Onıń maqalalarına tómendegilerdi kiritsek boladı:
“ÀKESINE KESHIRIM BERMEDI”,
“ASHIW ARAZ, AQIL",
"ISHIWSHILIKTIŃ ÀQIBETI",
"IJARAGA ALINIP, BERILGEN KVARTIRA",
"DUZIN ISHTI DE, DUZLIGINA TÙPIRDI",
"TÙSKEN TÙSIMDI JASIRDI"

Onıń “Ashıw araz, aqıl dos” degen maqalası kóbirek ishiwshilikke berilgen nátiyjede óz shańaraǵınıń tınıshlıǵın, awızbirshiligin buzǵan insanlar haqqında sóz etiledi. Maqalada jurnalist òz pikirin tòmendegishe bildiredi: Shańaraqtıń muqaddes ekenin jaqsı bilemiz. Lekin «shaytan suwına» toyıp alıp, kózlerimiz jer kormey tùrli urıs jánjellerdi shıǵaramız. Kisige zıyanımız tiyedi. Aqibetinde òzimizge de ózgege de morallıq, materiallıq zıyanlar keltiremiz hàm pushayman bolamız. Az ǵana waqıt ótkerip, bul qubılıs tákirarlana berip, eń sońında, bir shańaraq buzılıp, perzentler tiri jetim bolıwına sebep bolmaqta [3].

“Túsken túsimdi jasırdı” maqalasinda bolsa, óz lawazımınan paydalanıp óz nápsiniń qulına aylanǵan "baslıq" haqqında sóz etiledi. Tiykarınan maqalada bılayınsha sòz etiledi: “S.QURILIS BEREKET” JShJnın narasmiy baslıǵı lawazımında islep kelgen I. Israylov (maqaladaǵı isimler ózgertildi) salıq hám basqa majburiy tólemlerdi tólewden qasttan moyın tawlaw jolı menen múlkiy máp kóriw sıyaqlı ǵárezli maqsetlerdi aldınnan gózlep, tovarlardı realizaciya etiw ham onnan túsken túsimdi jasırǵanlıǵı haqqında aytıladı.

“Àkesine keshirim bermedi” maqalasında bolsa, àpiwayi tùsinbewshiliktiń àqıbeti ùlken jànjelge alıp kelgenligi, nàtıyjede àkesiniń òz qızı tàrepinen sudqa beriliwi haqqında sòz etiledi. Jıllar dawamında àlpeshlep òsirgen qızı tàrepinen sudqa beriliwi àkesine jùdà awır bolǵanlıǵı haqqında aytıp òtiledi. Maqalanı jurnalist òz pikiri menen juwmaqlaydı: Kòrip turǵanıńızday, òmirde tùrli hàdiyseler ushıraydı. Tusinispewshiliklerdiń aqibeti bolsa, awır jaǵdaylardı keltirip shıǵarmaqta. Bunday turmıslıq waqıyalar hàr bir shańaraqta jùz berip qalıwı itimal. Sol ushın hàr birimiz odan òzimizge keregin alıp keleshekte sabaq etiwimiz kerek [2].

“Ishiwshiliktiń àqıbeti” maqalası jàne bir xalıq arasında kòp ushırap turatuǵın hàdiyselerdi bayanlawshı maqalalardıń biri. Bunda òzı huqıq qorǵaw uyımında islewine qaramastan, ishiwshilikke berilgeni hàm nàtıyjede bir biygùna insańnıń dene jarahatınıń

alıwına sebepshi bolǵanlıǵı haqqında sòz etiledi. Bunıń ayqın dàliylin maqalada keltirilgen pikirden kòriwimizge boladı: Hàdden zıyat spirtli ishimliktiń ishiliwi hesh kimge abıray alıp bermeytuǵını hàmmege anıq. Bul «shaytan suwı» insannıń ishki organizmine jaylasqanınan soń, màs halına kelgen puqara ózin belgili bir dárejede basqara almastan, ne sòylep, ne islegenine juwap bere almas dàrejesine kelip hàm onıń aqıbeti kòpshilik jaǵdayda jınayattıń jùz beriwine sebepshi bolmaqta [5].

“Duzın ishti de, duzlıǵına tùpirdi” maqalasında tòmendegishe sòz etiledi: Gàpimizdi tastıyıqlaw ushın bir mısal keltirsek. Jaqında paytaxtımızda urlıq jınayatına qol urǵan Tair Ismetov (maqaladaǵı isimler ózgertilgen)tıń islegen jınayatına sudtıń húkimi oqıldı. Ol bunnan aldın da bir neshe ret urlıq jınayatına qol urıp, lekin, úyrengen àdetinen qaytpagan edi. Bir neshe mártebe islegen qılmıslarna tiyisli jazaǵa tartılǵanı menen onnan tiyisli juwmaq shıǵarmadı. “Duzın ishti de, duzlıǵına tùpirdi” maqalası qıyıq istiń qıyıǵı qırq jıldan soń da àshkar boladı degen maqalǵa tuwra keledi. Òytkeni, maqalada atı atalǵan shaxs òzi islep jùrgen kàrxanadan pul urlap oǵan materialliq zıyan jetkeredi. Ol soniń menen de qanatlanbastan, qurılısı pitpegen ùylerge kiripte òziniń urlıq isin dawam ettiredi. Biraq kòp uzamay onıń bul is-hàreketleri àshkar boladı, hàm oǵan tiyisli tàrtipte jaza kòrsetiledi [1].

“Ijaraǵa alınıp, berilgen kvartira” maqalası bir biygúna insannıń aldawshılıqqa tùsip qalǵanlıǵı haqqında jazilǵan bolıp, onda òz jorası onıń jasap turǵan kvartirasınan qıngır niyette paydalanbaqshı boladı hàm bunnan tiyisli huqıq qorǵaw uyımları xızmetkerleri xabar tabadı. Nàtıyjede, atları kòrsetilgen shaxslarǵa qarata berilgen tàrtipte jaza sharaları kòriledi. Maqalada jurnalist òz pikirin bılay kòrsetedi: Bazı bir puqaralarımız tárepinen ijaraǵa alınǵan kvartira alıwshılar tárepinen qaytadan ijaraǵa berilip, saatı na pul tabıw arqalı zeynexana shòlkemlestirilip atırǵan fakttı mısal retinde keltirip óttik. Mine usı kibi jaǵdaylardı keltirmew ushın, onnan qala berse, jaqsı niyetler menen satıp alınǵan jaylarımızdı shını menen mùtaj bolǵanlarǵa nızamlı tùrde ijaraǵa beriwde ele de itibarlılaw bolıw kerek [4].

**Juwmaq**. Miyasar Kabulova óziniń publitsistikasında jınayattıń jámiyetke tásiri hám jınayat penen baylanıslı social mashqalalardı talqılaydı. Onıń jazıwları, jınayat hám ádalat sıstеması haqqındaǵı sorawlar hám olardıń jámiyetke tásiri haqqında oqıtıwshı hám úyretiwshı bolıwdı qálegen adamlar ushın paydalı boladı. Ol sonıń menen birge, jınayattıń jámıyettegi qawipsizlik hám turaqlılıqqa alıp kelgen tásirin de kórsetedi.

## References:

1. Batirov A., Kabulova M. Duzın ishti de, duzlıǵına tùpirdi, Istiqlol va qonun gazetasi (11.05.2023)
2. Bekmuratov S., Kabulova M. Àkesine keshirim bermedi. Istiqlol va qonun gazetasi (10. 02. 2023)
3. Bekmuratov S., Kabulova M. Ashìw araz, aqıl dos. Istiqlol va qonun gazetasi
4. Keunimjaev S., Kabulova M., Ijaraǵa alınıp, berilgen kvartira. Istiqlol va qonun gazetasi
5. Xodjaniyazov A., Kabulova M. Ishiwshiliktiń àqıbeti. Istiqlol va qonun gazetasi